

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeuh koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Drukkerij de Kapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor. di Tjandioer Bestuur Pasoendan Tjandioer. Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis. Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

Redakteur: SOETISNA SENDJAJA ATM WINATA Redakteur di Batawi SOERADIRADJA

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimeloeweg No. 25 Tasikmalaja.

Pangaos ADVERTENTIE: 1/16 katja f 2,50 1/32 " f 1,50 Sakali moeat Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN 3 sasih f 1,50 Dibayar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Orgaan Pasoendan.

Dina Alq. vergadering Pasoendan noe loear bi sa di Tasik, hal ieu geus djadi djedjer tjajita noe pohara rame diharempoegkeunana.

Poatoesanana bakal sangling roepa, sangling ngaran. Somah Moerba Jeung Langlang Domas . . . dikandoeing keneh.

Sanadjan tadina geus gilig bakal dikaloearkeun pananggalan Mei, tapi koe roepa-roepa halangan kapaksa dipoerjokeun deui ka boelan hareup. Ari noe djadi babakoe halanganana teh, nja kaledorana . . . noe bakal ngajogana. Geuning Somah Moerba oke, ninggalkeun warisan, hajareun. Saha noe katempoehan? Bongan isok tara narohonan kana kawaduhan, toerta kawaduhan noe geus diwadjukeun koe arandjeunna nja eta poatoesan koempoelan.

Sangling roepana da eta maal rek tjalingtjalingtjeng sorangan. Saajeuna rek noeroet aseb bae ka Sipatahoenan djadi lampirana (Bisa djadi engke mah ngeroep pisan ka Sipatahoenan rek aja noe moerstel).

Lamoen bisa kaloeana noeruetkeun Sip. saminggoe sakali gedena satengahna Sipatahoenan. Lamoen bisa . . . aja pakana aja paratua.

Panoehoehoe ti ajeuna moela, enggal-onggal oenggal tjabang ngintoenan geusan sadang pangantua. Saembanan keur panghujung (organ) sareng kontribisi kedah dikutoekeun ka djrg. Ahmad Atmadja, Empang Tasikmalaja.

Karangan-karangan ka drg. Oto Soebrata, Bidara Tjina No. 7, Meester Cornelis.

Tjabang-tjabang kedah ngintoenan noe kedah nampi organ ka djrg. Ahmad Atmadja.

Geusan ngaherent-herent pakeun, tiasa djadi oenggal tjabang, dikutoenan saheundeul bae, sapertos kapoengkoer Somah Moerba.

Sabeulanaan ieu atoran anjar bade ditjaba saboean bae kalawan make ongkos ti Tjabang Garoet, Tasikmalasareng ti H. B.

Teroes hentenna, kari koemaha tjek eli elid, Daek ditoeingtoeh hajoe, . . . ari teu kersa mah pirakoe.

Lid noe langganan Sipatahoenan, nampina organ mawuwi bareng disakalikeun.

Noe langganan Sipatahoenan tapi lain elid tangtoe maal nampi lampiran.

Soet. Sen. Commissaris H. B.

Pasamoan pamarentah bangsa priboeami di Batawi.

(Hot Inlandsch Bestuiscougre).

Dina tanggal 14 djeung 15 boelan Mei di Batawi, koe hadjahna „Sedio Moeljo“, njaeta pagawoeran para Boepati di Djawa djeung Madoera, diajakeun pasamoan pamarentah bangsa priboeami, ngaharempoegkeun hal kanyataan daja, djeung koemaha pamarentah bangsa priboeami pitahareupeunana.

Oepama ditetek ti asal moelana nepi ka wekasuanana, uasan noe ditjaritakeun dina eta pasamoan, tjitajitana noe njarita, taja peta tjekoep Sipatahoenan. Koe sabab eta ngan rek diwararkeun, noe saperti eta bae nfinangka atjina, beunang ujarang. Poatoesanana pasamoan tina hal desa, nja eta:

1. Pikeun ngahodangkeun deui kamerdikaanana desa, perloe ngaja-

keun roepa-roepa robahan, noeroet galoer kasomah moerbaan.

2. „Parentah lemes“ koedoe dileungitkeun, diganti koe atoran babadamin, minangka ngadjar rahajat sangkan bisa ngadeg sorangan.

3. Dirasa perloe ngajakeun Raad Desa, tapi saheulaanan ngan di desa desa noe diajagap pibisaean ngajalankuunana. Eta raad desa, boh dipake ngaganti pasamoan desa, boh diajakeunana teh sina bareng bae djeung pasamoan desa.

4. Ngajakeunana raad desa, koedoe dimana atoran hal doeit antara nagara djeung desa, geus dibereb.

5. Raad desa koedoe boga kakawasaan geusan ngajakeun padjeg djeung ngahoekeun noe ngalanggar oendang-oendang desa.

6. Samemeh ngajakeun raad desa, perloe desa-desa dibidjikeun djeung sina babarengan ngoeroes kaperloeanana noe saroes.

7. Tangtoe pisan maal oedjoeg-oedjoeg bisa dikoemakarepkeun, tapi koedoe aja noe noengtomu djeungnoe ngadjar, ponggawa nagara tangtoe pipiloeeun.

Kitoe deui perloe pisan raket djeung rahajat, sangkan kamerdikaan desa djalauna bener.

8. Lamoen raad desa diajakeunana wintjak dina koedoe, tangtoe pisan laoen-laen djadi badan noe gede goenana.

Tina pamarentah bangsa priboeami, kieu poatoesanana:

1. Sanadjan ponggawa bangsa priboeami koe rahajat diajagapna djadi ponggawa nagara, lain kapala maranehanana, tapi pamarentah bangsa priboeami boga keneh sahareupeunoe noe sakitoe aloesna.

2. Hal ieu gede eronganana koe djalan ontvoogding, asal dina prakna ngajalankuun koedoe leuwih ti ajeuna, koedoe noeroetkeun bener-bener, sakoemaha maksoedna artikel 118 I S (Iudische Staatsinrichting).

3. Madjoena kasjaan paparentahan tangtoe mapaj djalan kasomah-moerbaan. Sabagian tina kakawasaan kapala-kapala, laoen-laen pindah ka rahajat, noe noga wakil di raad ka boepaten, djeung pagawean Boepati noe saperti (de d.geljkkehe leiding) teh didjalankuunana bareng djeung koe College gecommiteerden.

4. Pikeun ngajalankuun atoran atoran noe kloear ti poseurna kakawasaan (centraal gezag), tangtoe pisan Pamarentah (centrale overheid) koedoe ngahoguan ponggawa sorangan, sarta noe pihadeun djadi ponggawana teh (bij uitstek geschikt), nja eta prijadi B. B. (Inlandsche bestuursambtearen), lantaran ngingetkeun kana toeroeanana djeung lakonna (traditie)

Lantaran lila keneh koedoe djadi sasak antara Pamarentah djeung rahajat, kasjaan pamarentah bangsa priboeami saperti ajeuna masih keneh gede hartina. Ari noe djadi kawaduhan nja eta ugoeroes kaperloeanana rahajat djeung dimana paketrok djeung kaperloean sedjeun, noe koedoe moeloes kaperloean geusan saroes.

5. Pagaweanana bestuursambteenaar, noe nja ponggawa nagara, nja noe satjerawelena poerah ngadjaga kaperloean rahajat (natuurlijke bescherming), beurat didjalankuunana, isin bae koedoe pinter, tapi dina prakna ngajalankuun koedoe pohara rintihna, (tact). Sangkan meunang kapertjajaan ti rahajat djeung sangkan kapertjajaan oelah leungit deui, nomer hidji noe djadi bestuursambteenaar koedoe raket djeung rahajat ngagen-

deng kama-ljoeanana bangsa priboeami.

6. Lantaran rahajat priboeami sakoeomna geus madjoe, pon kitoe deui pamarentah bangsa priboeami, naha teu leuwih hade, moen laoen-laen Inl. B. B. teh oelah djadi hawahana B. B. Walanda, tapi koedoe saburkat:

Ieu poatoesan poatoesan Congres koe bestuur Sedio Moeljo baris disanggakeun ka Pamarentah.

*) Oenma art. 118 I S.

Sabis-bisa rahajat bangsa priboeami koedoe sina ditoeingtoeh koe kapala-kapala bangsa maranehanana, noe diajagapatawa diakoe koe Pamarentah sarta ditalingakeun koe sahehoeruanana, noeruetkeun atoran - atoran noe geus diajakeun atawa bakal diajakeun koe Toean Besar.

Red.

Koempoelan para Boepati.

Samemehna Congres Regententoud (Sedio Moeljo), Kdj. Toean Besar djeung para Boepati Pasoendan ngajakeun Conferentie. Dina waktoe moeka pasamoan katembong, jen Kdj. T. Besar pohara ngahargaanana ka pamarentah bangsa priboeami, noe djadi pamanggulua zakawasaan Nederland di dieu. Sanadjan noe djadi resident sok menta timbanganana para Boepati, kitoe deui pamarentah mindeng nampa timbanganana, tapi koe Kdj. T. Besar karasa djeung katimbang kaperloeanana geusan torodjogan patepoeng djeung para Boepati.

Tangtoe pisan maal bisa anuger patepoengna, tapi ismoen ieu pertjoean hade boektina, pamaksoedan pamarentah tangtoe sakali kalieun rek ngajakeun deui pasamoan (Conferentie) noe tjara kitoe.

Ari noe ditjaritakeun dina eta pasamoan „nomer hidji hal algemeene politiek Kamadjoesanana rahajat (staatkundige ontwikkeling), noerjan matak atoh, tapi ari keur Inl. Bestuur mah teu matak ngamampangkeun.

Koe sababaraha oerang ditjaritakeun jen koe beuki lobana pangeroes ka rahajat, tambah loba pagawean toelisna, kitoe deui koe ajana pagawean noe ngawoengkoel (speciale diensten), kakawasaan pamarentah bangsa priboeami beuki ngoerangan. Acgapan, madjar koerang tjampoer djeung rahajat, teu aja noe sapatos. Tjeuk sawareh, kapertjajaan rahajat ka Pamarentah sama sakali teu leungit, ngan koedoe neangan akal noe sedjeun, sangkan beuki raket pamarentah djeung rahajat. Oge hal koempoelan desa diharempoegkeun. Tina hal geusan, anggapin beda-beda katimbang koe saroes, kaperloeanana babadamin djeung oenggal golongan, boh noe loehoer, boh noe handap. Kitoe deui soepaja dedenge bener-bener kabeneratna djeung pertelaanana djalmadjalma teu njaos bangsa gegeden, teu njaos bangsa Marhaen, katimbang perloe pikeun babadamin djeung panoengtoeh-panoengtoeh rahajat, noe memang aloes maksoedna sarta lebah dieu oelah aja atoran angg. ekloeng adgoeng di loehoer (een hooghartig standpunt innemen).

Ari panoengtoeh-panoengtoeh kominis mah teu kaasop kolom, da kapun maranehanana oge geus emboeng tjambur baeor.

Geusan ngalawan aksi kominis, ditingbang-timbang bisa hentenna ngajakeun aksi sedjeun, boh koe ngadegkeun roepa-roepa pagawoeran-pagawoeran, boh koe ngawarkeun

maksoedna kominis noe saenjana djeung noe sakitoe gorengna, soepaja rahajat bisa njaos sorangan, kakoe-doeanana miloe merangan kominisime. Patjantelna djeung ieu perkara toeloeh njaritakeun hal padjeg. ditimbang bisa hentenna nambahan minimum padjeg, tapi aja noe njaritakeun desa geus pohara lobana taunggoengan noe sakitoe hareuratna.

Sawareh Boepati-Boepati njaritakeun perkelaanana rahajat, koe ajana roepa-roepa atoran ti gemeente Sangkan bisa nohonan kana perkelaan perkelaan tea, ditimbang koedoe ngejakeun Inl. Commissie van advies di oenggal-oenggal gemeente-raad.

Tina hal „pangadjaran rahajat“ (volksoudwys), dipenta soepaja dipasrahkeun ka Raad kaboepaten.

Pikeun pamarentah priboeami beuki tambah kaheseanana lantaran koedoe ngajalankuun roepa-roepa pagawean noe teu ngareunah pikeun rahajat, oepamana njicunan dwangschrift, narik padjeg, ngajalankuun civile vonnissen djeung oge sedjeun sedjeun.

Dina panoetoeuna pasamoan Kdj. T. Besar njarios ka para Boepati, jen andjeunna pohara senangna ningali beubeunanganana koempoelan, ngalouwihan tina pangarep-ngarep andjeunna, tjeuk A. I. D.

Kapala djeung panoengtoeh (leiders).

Dina „De Courant“ tanggal 20 Mei '27, aja hidji artikel, timbangan tina kasaoeran: Pangawoelan Pasoeroean dina koempoelan para Dalem, anoe kieu oenina (pisoedaeunana):

„Dina waktoe-waktoe ieu minangka keur rame reboetan kapertjajaan abdi-abdi, antara prijadi-prijadi B. B. djeung leiders. Tapi geus teu menang dipoengkir deui jen leiders-leiders teh geus njongjolang ti heula, kome S. I. mah ti sabarang kaum koemisin dioesir ti desa-desa.“

Dina kabar eta keneh ieu tjariosac Pangawoelan Pasoeroean geus diajonan koe Redakteur, sarta noedoeheun kana artike artikel noe geus ditoeis koe andjeunna, jen alam ajeuna geus loba pisan kadjadian lain bae leiders-leiders anoe teu pati mertjaja ka kapala-kapala teh, tapi somahan pribadi geus loba koerangna neunteun kapertjajaanana. Tjontona dina sawatara boelan katoekang, geus aja sawatara somahan di bilangan Bogor anoe njanggakeun rekes ka Kdj Besar lain make djalan noe biasa, tapi menta pitoeloengna toekang koedoe, soepaja disanggakeun ka andjeunna.

Kadjabana ti eta-loba deui kadjadian, djelema-djelema atawa wawakilja daratna torodjogan ngadoehus ka Adpisoer Inl. zaken atawa Pokrol Djeudral, pikeun ngoengai neangan pangadjaran.

Pangna kadjadian kitoe, teu aja lian kadjabana ti koerang kapertjajaan ka kapala kapala noe di haudap (taeutik Curr) ma tjari-keun teh; sapedah tara gantjangan diladenan (dieroesekeun) koe lantaran arandjeunna loba deui padamelan djawa ti eta.

Kadjabana ti ieu loba-loba deui Redakteur De Courant njeboelan tjontotjonto anoe kadjadian di alas Bogor keneh, anoe nembreskeun jeu heuteu salah-salah teneun, boh djelema-djelema boh wawakilna, sok taradjoeng ka pangagoeng teh, da kitoe galagatna.

Kadjabana ti kitoe, malah koerang mah matja oge dina verslag eta congress, jen Kdj. Pasoeroean koe andjeun

Ti pipir hawoe.

Dina waktoe noelis-noeliskeun noe harajang ngasoepkeun ka hidji sakola, aja kadjadian anoe loetjoe pisan, tapi katjida matak ngenesna djeung mangkaroenjakeun nepi ka sakitoe bingoenana.

Iso k isoe k geus koeroenjoeng doean katiloe pamadjikanana meureun, mawa boedak doea, awewe hidji, lalaki hidji, naroskeun iraha koedoe-na oendjoekan ka djrg. kapala sakola. Saor noe ditaros teh engke meureun poekol 10, da ajeuna mah poe Djoemaah.

Poekol 10 geus djol deui, tapi koe sabab dina bewarana disoeboet poekol 11, djadi maranehanana koedoe djogo teh poeko-11 bae, katoeroeg-toeroeg poekol 10 mah sanes waktoe pere.

Baraug nepi kana waktoea toeloeh disaoer, tapi ngau aja saorang lalakina mah, ari noe saorang deui ka pasar heula.

Boedak noe lalaki make badjoe trui, ari noe awewe make erok, biasa bae garinding, sarta ngarekelek roti kkekoedaa.

Tjek noe njaor ka mana saerang deui? Djwabana: „Soemoehoeu ka pasar“, bari brek dioek.

„Hih, oelah dioek, nangtoeng bae! Sabaraha oerang rek ngasoepkeun teh?“

„Soemoehoeu doeaan, ieu, adi lautjeuk, noe lalaki lautjeukna, noe awewe adina.“

„Geuning gede noe awewe?“

„Soemoehoeu . . . kitoe bae, da jaktos adina.“

„Saha ngaranna ieu noe lalaki djeung sabaraha taon oemoerna?“

„Soemoehoeu genep taon . . . manawi, ngaranna mah Winantara.“

„Mas atawa Raden atawa teu naon-naon?“

„Doeka, soemoehoeu. Manawi bae . . . Raden, da poetra Loerah.“

„Hiss ari aka, teu kitoe, sanadjan pangarit oge, ari Raden mah teu kapianggahan. Na ka mana Loerahna, ajeuna?“

„Soemoehoeu ka pasar“ (bari ngalieuk ka awewe tea njanjakeun „enja ka pasar, nji? djeung bakal lila deui?“)

„Jaktos, soemoehoeu, Raden, da Loerah.“

Eieh deet toeloeh bae ditoeis Raden.

„Ari ieu noe awewe saha ngaranna djeung sabaraha taon oemoerna?“

„Soemoehoeu Nji . . . doepi oemoerna mah, damel kirangan sataon bae ti lautjeukna, djadi 5 taon.“

„Soegan, sabaraha taon saenjana.“

„Soemoehoeu . . . mangga damel 5 taon bae, jaktos sakitoe.“

„Ari pangasilanana djeung padjeg kasabna sabaraha?“

„Doeka teu terang.“ „Da eta kang Loerah leas-leas bae, ka mana deui?“ (semoe keneuh njaritana kitoe teh).

Leas koe manehna disoesoelao. Teu koengsi lila, hoeur - hoeur dalang.

„Sabaraha oerang, Loerah, rek ngasoepkeun teh?“

„Ieu doean, poen arak, noe lalaki, sareng eu poen soean.“

„Harr kapan tadi tjenah anak loerah doeanana; mana noe bener?“

Ari tjek noe saerang tea: „Soemoehoeu sami bae, anak sareng soean mah, gamparan.“

Hihhh . . . ari hidep kawas lain kolot.“

„Saha ngaranna, Loerah, ieu anak teh?“

Soemoehoeu poen Ahmad Kosasih „Aeh-wah, naha geuning tjek itoe mah batoer tadi madjar „Winantara“.

asa djararoech temen."
Ari tjek batona Loerah teh: "Eh
soegan tea Winantara atoech, enja oge
alo teu pati apa kana ngaranna
mah."
Ari sihareng boedak noe awewe
teh anakna pribadi, lain anakna Loer-
rah tea.
Sakitee kanjahona noe sawareh mah
tina bab sakola teh.

Gelenjoe.

(*)
ngadawoehkeun, jen dina seuh-seuha-
nana, dimana aja papariksaan teh,
noe djadi kapala kapaksa koedoe
njabeulah ka pamareotah, sanadjan
noe djadi kapala tea keur ngoeroes
kaperioean noe djadi romahan.

Hal ieu koe oerang dijalmu piloea-
ran teu koedoe disalahkeun, da me-
reun sarerea tangtoe kitoena, ari aja
sipat boetoech mah, geuning tjek
babasan oge "Wien brood men eet,
diens woord men sprcekt" (koedoe
bela ka noe djadi doenoengan).

Ieu teh, kadjadian kieu tangtoe
djadi sabab deui kana ngoerangan
kaperijajaan somah ka kapala, komo
oepama tjara noe disehoet dina De
Courant tea mah dina oeroes oeroesan
noe karelak, tinimbang meunang pala
anggoer sok meunang paloe.

Kadjabu ti noe geus disehoet di
loehoer, aja deui noe didawoehkeun
teh, lantaran sok soemawonna kapala
kapala noe harandap sanadjan noe
laloehoerna oge geus teu boga kahor-
matan tjara baheula-baheula, djadi-
oeheun ari migoeesti tjara ka toekang
toekang mah kanoe djadi boepati teh.
Ieu oge saeurna matak ngoerangan
deui kana kaperijajaan.

Hal abdi-abdi, somahan, koerangna
ngabdi teu tjara baheula hibari, pa-
manggih koering lain koe lantaran
djelema-djelema djadi poho kana adat
istiadat baheula, tapi kasarad koe
djaman, kababoech koe ombak paneka
kamadjoean. Djaman ajeuna geus
loba intelektualen anoe njaho kana
pangawak sorangan djeung apal kana
pibargaeunana awak batoeer.

Nja boektina geuning ana ditoe-
roetan koe djelema noe didenge tara
mah sok salah kalepsan, djadi soal
adab atawa tjolog. Bangsa noe kieu
mah djaba ti hamperaeun teh. oer-
angna noe rada njaho koedoe miloe
mapatahan.

Ana pek mah dipikir-pikir, djiga
djigana kahormatan teh lain ngoera-
egan, tapi kahormatan baheula loba
teuing, sarta ajeuna koe kaom kaom
noe geus ngalalarti eta kasalahan teh
keur narongtoet disaroeng-oem, dia-
romean, noe koerang ditambah, noe
loba dikoeerangan. Kantena ari koe-
rangna tea mah, lamoen dibanding-
keun djeung asal.

Oepama aja noe rek ngoekoehan
kababeulana dina djaman kiwari,
tangtoe teu aja halanganana ari palaj
mah, ngan taksiran maal pati lakoe
diketjerkeunana, sarta tangtoe geus
moel aja kapala kapala anoe kagoen-
gan tekad kitoe, koe margi kadoepak
koe djaman tea.

Ari dina palebah ngoerangan ka-
perrijajaan mah saperti noe geus dita-
rerangkeun di loehoer tea, memang
sakoeringeun ngabaminan pisan, oepa-
ma kitoe galagatna.

Malah koering mah mangpaerkeun
pisan oepama eta kaajaan teu gan-
tjanr gantjanr diomean, inggis lain
ngoerangan deui kaperijajaan teh,
tapi leungit pisan; noeroetna teh, boe
ngan kapaksa koe parentahan bae.
Achirna, lain kapala noe boga pang-
roeh, tapi pangra leiders leiders.

Meuseu leuheung lamoen pangoeng-
toen-pangoengtoen anoe sarehat anoe
katibanan pangaroeh teh, tapi koe-
maha lamoen noe sok mawa sasab,
tjlaka temen oerang teh.

Maha koering mah katjida pisan
ngabenerkeunana ka noe saraoeran
dina conferentie, jen anoe djadi kapala
koedoe tjampoer sarta ngadangoe kana
joendjoekna leiders leiders noe beu-
rang dibawa badami mah, kadjabu
anoe baheula, anoe teu njaho di bener,
ieu mah lain koedoe dibawa barem-
poe, tapi koedoe dijigana. Kitoe deui
dina ajana critiek anoe geground, oel-
ah dianggap salah atawa poendoeng
koe noe djadi kapala, tapi koedoe di-
bagoeroun.

Lakoening kien teh, estoe lampah
noe oetama.
Geusan ngoendur kaperijajaan ka
somahan, Kadjabu ti eta noeroetkeun
titingalan koering noe laladjo ti piloe-

aran, koedoe oelah beurat sabelah
dina oeroes oeroesan ngadjalankeun
kawadjiban, koedoe mandeg di tengah
tengah bae sabisa bisa mah, beurat
teuing ka Marhaen oelah, maal pih-
deuu toengtoengna, nja kitoe deui
beurat ka werkgever oelah (ngan
ngabelaan salira koe andjeun) temahna
matak leupas kaperijajaan tea.

Tina hal ieu tangtoe pisan maal
beunang diomean koe batoeer, tapi
koedoe koe noe kagoengan kawadjiban
koe andjeun, tapi lamoen diomeanana
ngan oekoer koe djiga mah, babla
deui bae, "sabab leuwih goreng ba-
loekarna dimana katjingtjiribi.

Koering pertjaja pisan, lamoen hal
ieu dimanah sarta didjieuu pertim-
bangan, taja panginten noe djadi
kapala kaeleheun pangaroeh koe noe
djadi pangoengtoen-pangoengtoen tina
roepa-roepa pakoeppoelan anoe ngre-
roes kaperioean bangsana, malah-malah
kadjabu ti maal kasilihkeun teh, sa-
menwerking beuki mateng.

Oca Nany.

Wartos ti Administratie.

Soegri langganan noe njeratan
atanapi ngintoean postwissel ka
Administratie Sipatahoenan, dina se-
ratna kedah diserat nomer langganan,
margi sakapeung mah tawisna eta
serat teu kening dibatja-batja atjan.

PERLOE.

Sadaja langganan noe
noenggak keneh artos lang-
gananana moegi enggal kersa
ngaloenan. Ping 1 Juni ke-
dah diperloekoeun pisan.

Djr. Dst. Sawah Loento
No. 872. Artos f 3 katampi
anggoeun kw. III IV '27.

Propagandaver- gadering.

Pagoejoeban "Pasoendan"
di Koeningan dina dinten
Ahad ping 5 Juni 1927 nga-
witan taboeh 9 endjing-en-
djing.

Noe bade njarios nja eta:
1. Djoeragan Voorzitter
Hoofdbestuur "Pasoendan"
Gedeputeerde Provinciale
Raad di Pasoendan, Lid
Volksraad.

2. Djoeragan Soeridiradja,
perkawis toedjoean sareng
oesaha "Pasoendan."
3. Sareng leden Hoofdbes-
tuur Pasoendan noe sanes.

Disoehoenkeun soepados
sadaja para djoeragan kersa
ngaloeoehan ieu vergadering
dina waktosna.

Ontwikkeling

(kaoeninga).

Ari bareto mah ngam'naan ieu
ketjap teh (ontwikkeling), nja eta
saha-saha noe kaloeoran ti sakola
tinggi (noe oemping ti Holan) atawa
moen di dieu koeroengoen ti H. B.
S. atawa pangadjaran noe laloehoer
lian ti eta, noe arontwikkel teh
tapi ari kabehdieuuakeun bet aja noe
ngabedjean kieu:

"Bener oge eta sapanjangka teh,
salah sah-saha noe meunang pang-
adjaran loehoer, biasana tangtoe ont-
wikkel (seueur kaoeningan), tapi
oelch toekoeh ka noe kitoe bae nje-
boet ontwikkel teh, sanadjan ka noe
djol ti sakola desa atawa ti
pasantren oge ari ontwikkel mah
teu aja halanganana, da ari ontwik-
keling mah teu koedoe kana school-
kennis bae (elmoe sakola) tjara: elmoe
boemi, elmoe palak, ngitoeung djeung
kunde-kunde salian ti eta, tapi ari
ontwikkeling mah kanjabo pikeun
hiroep koembbeh tjatjamperan djeung
batoeer.

Geuning sok loba pisau dina pa-
ngobrolan atawa padjemohan ngan
oekoer boga martabat toekang ng-
bandoeangan woengkoel, ngadjentoel
tjara boeuk beunang maboek, da
sakoer noe dioboskeun, diwangkong-
keun koe noe lian teh ngan teu njaho
djeung teu terang bae noe aja.

Tapi koemaha ari koe noe ontwik-
keld mah, sagala kaajaan, njaritakeun
kaajaan-kaajaan oesik malikna di
nagaradeungeun hajoe, njaritakeun
elmoe-elmoe kaajeunakeun baeu, djol
kana politik, economie, dilajaan.
Tjindek kanjabo djampena hiroep."

Teh kitoe etah, tjeuk anoe ngabe-
djean teh. Doeka leres henteuna, kari
koemaha timbangan anoe aroeninga
bae palebah dinjana mah.

Djadi ana kitoe, lamoen bener
sanoew-mawa-tjarita tea, djiga teu pati
sakoemaha banggana hajang djadi
djelema ontwikkel teh, asal boga
poko "hajang" djeung "kadaek."

Ieu noe doa roepa selawasna koe
doe babarengan bae teu meunang pa-
piseh. Sanadjan boga hajang ari
euweuh kadaek, lapoeer, tjara hajang
meunang lotrs teu meuli elot; boga
kadaek teu aja hajang, pon kitoe
keneh, toengtoengna kabawa koe sa-
kaba-kaba Geuning tjeuk basa batoeer
oge: "Waar een wil is, is een weg."

Malah geus sababar oelama jano
miwedjaung, jen sagala kabahang anoe
moenasabah anoe bakal katapi koe
manoesa biasa asal djeung prakna
dipilampah, Insja Allah, tangtoe ka-
laksanakeun.

Tjing mangga atoech ajeuna sakabeh
oerang priboe, babakoena oerang
Soenda oerang pada babarengan nga-
bogaan "kahajang" djeung "kadaek."
Koe sabab djoedoelna ieu karangan
"Ontwikkeling" ajeuna oerang dadar-
keun saeutik koemaha djalanana sang-
kan anoe teu atjan ontwikkel djadi
ontwikkel.

Nanging moegi oelah lepat sangka,
njangka ka sim koering "djelema
ontwikkel," masja Allah teu pisan-
pisan, anging maha soeti noe oeni-
nga. Koering mah belewoek, toela
toelis soteh nepak tjai malar tjeret,
ngagedag bari moeloengan, soegan
djoel-djol tiroeun reudjeung tiroeun;
sakola oge djisim koering mah sasat
djaman ha-na-tja-ra-ka.

Djisim koering kakara njeun bis
milih ajeuna, sapedah geus meunang
bedja, rek noengtoet oesaha, njiar
ontwikkeling, lantaran geus karasa
soemahna dimana loba katoena, dina
radjeunna obrol-obrolan. loba oepat
simoesatna manan njaritakeun anoe
aja mangpaetna mah.

Djalan anoe nomer kahidji pikeun
ngarah ontwikkeling teh koedoe tjamp-
per djeung pada batoeer; oetamana
djeung babatoeran anoe geus loehoeng
punoemoena, djembar koeningana
loba poeloenganeunana, ngan handja
kui teu loba di oenggal tempat noe
kieu teh, sarta tara loba djelema noe
geus boga matabat rada loehoer teh
-komo loehoer pisan mah - anoe kersa
tjamper djeung noe pantar kieu
"kaom Marhaen;" tapi dina euweuh
na anoe kieu, djeung babatoeran anoe
sapedou djeung oerang oge hade noe
aja, sanadjan djeung noe sapanjang-
keun oerang kanjahona moetoeh aloena
bae, da ari harti djeung pangarti mah
teu koedoe djol ti loehoer. Nja dina
padjemohan oerang sili seblok loeang
djeung daloeang teh, palebah tata titi
tindak tandoek loba katjida tjangreu-
deunana.

Geura mapan boekti ari djalma
noe tara tjampoer mah, (koereng
batok), sok soemawonna prakna nja-
rita, dioekna oge geus teu bisa, ari
tjaritakeun mah sampoeneneng.

Nanging oelah salah harti. Lain
kabeh djelema koedoe ditjamperan,
tapi sakoer noe hade, malah ari ta-
noe goreng mah koedoe disingkirkan
geuning aja babasan noe lian kieu:
"Wie met pik omgaat, wordt er mee
besmet" (saha-saha noe tjampoer
djeung noe goreng, sok miloe njadi
goreng).

Soepaja leuwih tetela geura oerang
tatan saeutik koemaha paedahna
oerang galo djeung babatoeran.
Oepama tjampoer djeung landbou-
kundigen. tangtoe oerang bisa terang
sakadaruna tina elmoe tani.

Tjamper djeung djrg.-djr. B. B.
oerang terang tina oeroes oeroesan
paparentahan.

Tjamper djeung djrg.-djrg. goeroe
oerang bisa ngoeninga tina hal pa-
ngadjaran.

Tjamper djeung djrg.-djrg. ahli
oewet, oerang bisa nganjaboekun

angger-anggeran djeung palanggeran,
sakalieun kasedekkeun koedoe djadi
pokrol, meureun maal toemamoe teu-
ing.

Tjamper djeung roepa-roepa mon-
teurs, oerang moeloengan tina elmoe
kamontiran. Djeung roepa-roepa sali-
an ti eta.

Djeung sakitee roepa deskundigen
oerang tjampoer, sakitee roepa elmoe
oerang bisa oeninga. Sanes katjida
goenana tjatjamperan teh?

Tangtos sadajana oge parantos aro-
ninga kana ieu djoedjoetan teh, ngan
manawi teu atjan patos seueur noe
ngalampahkeunana.

Saena pisan, dimana tjampoer tea
parantos didjalankeun, eta elmoe
kekengingan tjampoer teh, oepama
sakinten teu matak ngawaloeratkeun
mah, koedoe teroes diboeutkeun.
Njan tangtoe teu babari ngalakonan
hal ieu teh.

Ieu djalan anoe nomer hidji, hese
djeroning gampang dipilampahna;
hesena koemaha ari koedoe andja-
tjang oendjoengandjang bae mah.
mindeng ninggalkeun roemah tangga,
ari gampangna koe teu karana modal,
Tapi sanadjan kitoe oerang teh oelah
pot pisan, lampahkeun djalankeun sa-
kadadana kadoegana bae.

Njan aja anoe leuwih gampang
dilampahkeunana teh nja eta make
djalan ieu nomer doea.

Kadjabu ti tjatjamperan sakasam-
peurna, oerang koedoe ngagedekeun
resop tjeoe - batja dimana aja ka-
sempetan, senang-senang tina damel
anoe bakoe. Matja naon bae boh
boekoe, boh soerat soerat kabar. Soe-
mawonna ari tjara para nonoman
nonaman alam ajeuna mah anoe
aroeninga basa Walanda, estoening
lakar daek ngalasan bae ontwikkeling
teh, wani negal; sanadjan noe teu
aroeninga oge kana eta basa teu
koedoe kahemangan, da sakadar geus
seueur pakeunna. Di oerang boh
dagangan boh sawaan boh indjeu-
meun geus rada teu woedoe reana
boekoe-boekoe basa Soenda teh, ngan
teu atjan njoekoeran bae kana mis
tina teu pepeuk tjara di deungeun-
deungeun.

Boekoe-boekoe oerang mah, bagian
anoe panggedegedena ngan dongeng-
dongeng bae, henteu pati sakoemaha
nambahana pikeun kana ontwikke-
ling tapi kantenan seueur pisan
toeladeun djeung pitjontoeunana mah.
Djadi saena noe aja bae, oepama
sering diarilo t-b. Moeng . . . aja
moengna mah saeutik, kedah ngadjagi
pisan ka para poetra, para wargi,
kapi-kapi sareng salian, bilih teu
atjan sarampe oemoer, parantos resep
matja boekoe-boekoe anoe katimbang
teu atjan kening diparilih koe ba
roedak hade gorengna, tapi matak
nimboelkeun kabita sarta hajang noe-
roetan tingkah lakoe noe pantar kitoe,
tjara dina lalakan bobogohan, kala-
koesan awou sabangsana. Sabab te-
mahna matak djadi baroesang.

Tjara dibatja koe oerang maal ma-
tak koea-kieu, saekoer nimboelkeun
waas, lamoen kanoe geus ngalakonan
lamoen ka noe teu atjan atoech matak
bisa njeboet "handjakal" djeung "ha-
dena" teu milampah kitoe.

Koemaha perloe di oerang diajaan
boekoe-boekoe pantar kitoe?
Atoeh poegoeh bae perloe mah,
geusan pangleledjar, da ari ngoehkoel
matja elmoe - elmoe mah sok loba
boenna katoeroeg-toeroeg di deun-
geun-deungeun oge saroes bae nja
kitoe, loba katjida, anoe disehoet
"ontspanningalectuur" teh (batjaan
pangleledjar). Njan ari di batoeer
mah saroes lobana ontspanningalec-
tuur djeung ontwikkelingslectuur teh.

Kitoe sababna noe matak noe lian
mah loba pisan noe ontwikkel teh,
da pohara bahanna. Mangga ajeuna
toeroetan koe oerang, aoe boekoe bi
bliothek goepernemen di oenggal-
oenggal H. I. S. pikeun anoe jasa
lasa Walanda. roepi roepi sarta se-
ueur pisan; geusan anoe teu jasa kana
basa Walanda, aoe bibliothek Soenda
djeung Malajoe noe aja di oenggal-
oenggal sakola klas II. Kening ma-
boet sadajana oge, kalawan sawaan
anoe katjida moerahna. Ari pikeun
anoe kazaratan mah ngaraleuh tae,
soepaja merdika makena.

Sasambat koering ka djrg. - djrg.
anoe parantos ontwikkel sarta kare-
nging pangadjaran loehoer sareng
tinggi, tjing atoech sing kersa njoreang
ka pantar-pantar koering anoe koer-
ang (teu aja ketah!) kanjabo rana-
djin ngadamelan boekoe anoe baris
gede hasina, loba poeloenganeunana.

Naha koe saha oerang Soenda teh
rek diasorkeunana, lamoen lain koe
oerang Soenda deui, batoeer komo,
bangsana oge geus ngantep. Radjeun
oge deungeun mah ugamadjoekoeun,
teu sepi tina pangarahan.

Mangga ajeuna mah, geura saleu-
euran lectuur Soenda teh!!!!

Koemaha kinten-kintenna koe ma-
osan boekoe-boekoe teh geus tjoekeop
pisan??

Tebih keneh pisan, saperkawis
seueur keuna koe bosen, kalibna maal
oeninga kana kaajaanana sadidinten
(praktijk) sakoer noe diasos, noe pa-
rantos kaoeninga tina boekoe-boekoe
tea.

Pikeun njampoerakeunana neangan
ontwikkeling teh teu aja deui djamp-
pena, kadjabu ti matja boekoe-boekoe
teh, sing djoenoe kana soerat kabar.
Soerat kabar naon bae. boh Walanda,
boh Malajoe, boh Soenda.

Ari eta mah anoe sok njaram-nja-
ram, ngoeloh-oelah matja soerat ka-
bar, koering mah djiga bingoen
ngaboekoemanana (naon piketjapeu-
nana) pikeun njeboet ka noe pantar
kitoe, sabab goenana matja soerat
kabar teh katjida nonggerakna, komo
lamoen matjana bari dihoesoeskeun
mah, dimanahan, oelah loba salan-
tjarna, sangkan bisa ujokot hadena,
njingkahang gorengna, lamoen aja
noe goreng.

Bangsa intelektualen oerang (anoe
terpeladjar), ana maraos soerat kabar
teh kasusoeuranana noeroet ka noe
batoeer nja eta Soerat kabar Walanda,
sabab ti dinja mah tjepah, pohara
lobana poeloenganeunana.

Memang kitoe, jaktos teu salah,
bener pisan, sabab dikamoedina koe
djelema-djelema anoe geus laloehoer
ontwikkelingna saperkawis, kadoea
perkawis noe mantoeanana djempolan
bae tjeuk katjangan ajeuna mah.
Atoeh-geus tangtoe bae bebeunanga-
nana oge poeloenganeun sarera,
katoeroeg toeroeg modalna santosa,
djadi karawoe kapangkoek, sagala
sadis, teu tjara oerang samporet, su-
gala toena.

Tapi sadjeroning ngalasan teh, sarat
oerang koedoe mikir, naha rek saoe-
moer oemoer ngan noeroet djeung
nempeng bae? Naha teu hajang nga-
bogaan sorangan? Naha selawasna
ngan-hajang dimemenan batoeer bae?

Kana ieu roepa-roepa pertanjaan
teh ingetan koering teu aja lian ka-
djaba ti djoeragan - djoeragan anoe
parantos terpeladjar tea anoe pilaen-
eun njangga poelia. Malah tjeuk
djero pikir koering mah djadi oge-
zedelike verlichting pikeun djrg-
djrg. anoe parantos nogeg panemoena.

Geura mangga tingali batoeer mah,
parantos sababar poeloch bogana
soerat kabar, toer padahal tjatjah
djiwana henteu aja superpoelochna
tana Pasoendan.

Salah saha eta teh?
Tjek koering, salah oerang sorangan,
babakoena Intelektuelen tea beubeu-
ratna dosana, bet ngantep, henteu
hideng sorangan, teu boga rasa, teu
boga roemasa.

Tjoba, teu wihwana teh tina tjat-
jah djiwa 10 malioen, tjek aja bidji
"Sipatoehan" (anoe koering terang
mah), katoeroeg-toeroeg keur bidji
teh saat teu pada moro-moro, da
padjar eusina henteu opvoedend.

Ari teu salah saha?
Hies komo ieu mah njoetjoed, maal
salah kasakit intellect deui bae, resep
ngantep, ler djeun, mangsa bodo;
koemaha dinja, madjoe soekoer teu
padoeli. Edas tjoekeop, mahi, pale-
bah dinjana, matak era kabedjakeun
ka tatangga noesa.

Ari benerna, tjing atoech anoe ka-
ragoengan em-er, de-er teh oelah
ngantep, anoe parantos laloehoeng
panemoena oelah teu njoreang ka
toekang.

Ka djoerg.-djoerg. noe karitoe koer-
ing djeung sabatoeran koedoe
moentang teh. Saena mah seek - sok
eusiketuneun kana Sipatahoenan teh,
anoe prenting anoe maroendel, anoe
bergoena pikeun sakeoliah tanah
Soenda, lain bet mertjajakeun ka noe
boga alpeokah woengkoel. Oejoehan
sareboe oejoehan, bisa bidji majeng,
sarta sok pinoeh tana ngolowong
djol keretas kosong oge, sakitee pada
nanggap.

Da oepama aja djrg.-djrg. anoe teu
"tevreden" koe eusina Sipatahoenan eta
mah koedoe njempadna teh ka sali-
rana koe andjeun sanes ka redactiena,
margi pirakoe kaigelan ari sadajana
kapalaj koedoe katodonan mah.
Ajeuna oge teu kirang-kirang ari

djism koering, soegan mokaha bae moen sakal-kalieu mah poen S. P. dirarangkenna koe roepi-roepi tjarios sakomaha noe parantos kuoendjoek-keun tadi di loeber, tapi kitoe soeh ari teu matak ugoetrakeun hoekoem, tjek oerang goenoeng tea mah.

Saladjengna djism koering njamboeng timbangan djoeragan Soeradi- radja njarioskeun pasal basa noe lajak dianggo dina kempelan Raad Kaboepaten, munggah djism koering mah moepakat basa Soenda bae. Doepi maigina sakomaha noe parantos didadarkeun koe djrg. Soeria. Sadjabi ti eta djism koering nambahian katrangan saeutik, njaeta tjek emoetan, henteu aja atawa awis pisan djalmama noe langkoeng pinter kana basa deungeun timanan kana basana pribadi, anging lamoen eta djalma (moen bangsa Soenda) gede di Tauah Malajoe atawa keur leutik langkoeng seueur patjamperanana sareng bangsa Malajoe timanan sareng bangsa sorangan. Tapi ari djalma lembrah saper- tos djism koering asa rada teu pati loedeung rek njunggem, leuwih bisa Malajoe timanan Soenda" tjatjakan djism koering mah mokaha bae, ma- toeh di Batawi aja 11 tahoen djadi teekang marios djalma, sareng samemehna eta, keur leutik samemehna ka Bandoeng, sakola di Batawi heula moal kirang ti 4 tahoen. Koemargi eta djism koering gadoeh raos katjida pahamna kana basa Batawi teh, noe ilahar disarehoet Malajoe tea.

Tapi henteu pedah kitoe da dasar kokotjoran Soenda, djism koering mah moen dipiwarang pasesa atawa pareboet bener teh, sanggem koe basa Soenda bae, lain bae kaentoeop geusan ngorobet ka djero-djeron, tapi oge asa teroes kana rasa (soeroep djeung lelembotan tjek baroedak tea mah). Djadi teu asoep kana akal lamoen aja djalma niunggem; kami mah leuwih bisa, leuwih loes njarita koe basa Malajoe" BISA teh bisa koemaha? LOEAS teh loes koemaha?

Emoetan djism koering masih bisa koemaha oge, ari dasarna tjaritaaan goreng mah, nja teoes bae gorengna, moen salah oge moal boeroeng salah, da basa Malajoe mah lain paranti ngiloengan noe goreng atawa noe salah, pamohalan noe goreng bisa djadi aloes atawa noe salah bisa bener koe marga ngomong Malajoe. Sawangsoema sanadjan koe basa Soenda oge moal boeroeng bérés ari memang aja bahas kaberesan mah. Leres lahir djrg. Sdr. oerang Soenda noe sok mamalajoeanan teh pek sina aral, roehah - rahoe, sina hoemandeur toeloj sina midangdam pisan pirakoe teuing make basa Malajoe, mo liwat ti make basana sorangan. Aja soeh sok mamalajoeanan ari meunang "kanoegrahan bawaning koe atoh, geuning kieu tjenah, itoe dia, liat akoe poenja peroeoeng- njan, siapa kira akoe bakal dapat dia" Geura keur njeri hoetoes mah sedjon deui piku, meureun tjenah, alaweng, adueh bioseng njeri teh kabina-bina teuing, aloek modar bae manan dikieukeun mah".

Apan ari basa teh koedoe teroes kana rasa. Na koemaha djalma Soenda ugomong Malajoe pibiseseunana pindah rasa kana basa Malajoe. Naha basa bisa njalin rasa djeung sipat? Asa moal: ana moal, atoech siloeng ngarapna Na koemaha ari siloeng, asoep kana golongan hade? Soegan moal. Hib atoech ari teu aloes mah kokodoreun teuing, nejoehan teuing make karoeb koe noe goreng!

Djism koering mah sok helok, swed mikirana koemaha margina noe mawi djalma djaman kiwari sok loba uoe kapiujoet koe pangaboga batoer noe teu sapira, noe kaalo- sanana atawa kagoenanana sahan- dapeun anoe oerang tjara noe sok marake ketoe. (Tjek, oerang Batawi pitji) djeung sadjaba ti eta noe kasoep kana pipakeun oerang Malajoe, tjenah ngarah gampang kari tjelep bae unke. Naha ari ketoe oedeng teu saroea babarina. Tuer leuwih sieup dipakena koe oerang Soenda da me- mang keur pakeun Soenda. Keur pipakeunana kitoe teh djeung make ngawih lagoe sjuandoeung deui (lagoe Padang) noe teu leuwih ngeunah mauan dangdangoela kentar atawa satria poendoeng djeung sadjaba ti eta; teu koerang koerang di oerang oge lalagoan noe lain mokaha.

Ari diemoetkeun kadinjana meudjehna koe deungeun-deungeun oerang sok disareboet rajoengan, entjo- san djeung bngabatan pangoreng-

gorengna mah disaboet lembek hate, sok babari eieh koe noe teu rohaka.

Aja samboenganana.

*) Teu aja pambenganana, sok moen aja mangpaatna.

Red.

Inlandsche verponding.

Tempat tempat noe tahoen 1927 dikeunaan Inlandsche verponding bedjana nja eta: Batawi, Mester, Tanggerang, Bogor, Bandoeng, Tjirebon, Pakalongan, Soerabaya, Madioen, Pasernean, Probolinggo, Tegal Malang, djeung Semarang. Aneh Tanggerang bet dikeunaan.

Apan eta teh tempat leutik. Kitoe tjek A. I. D.

K A B A R

(Tina s. k. Sanes)

Tiloe ratoes djelema di Serang noe disangka miloe kana ngaraman koeminiis di Banten dina boelan November 1926 ajeuna dileupakeun deul ti boei, lantaran taja katerangau noe sab.

Ajeuna aja katetepan pikeun moengoet tjoeke (padjeg) koe Kapala Nagara ti djelema djelema noe rek ngoempoekeun kahasihan ti leuweung.

Kapal perang "Zeven Provincien" noe mawa Toean Besar ti Batawi ka Soerabaya di palebah Pamanoekan naradjan kapal Wega noe mawa Njonja Besar djeung poetra - poetra na G. G. ka Soerabaya. Kapal Wega meunang karoeksakan botjor ± 1 M. roebakna. Noe aja dina eta kapal pahiboet lantaran nendjo kapal rek titeuleum. Njonja Besar geuwat ngalih kana kapal perang. Zeven Provincien".

Matros matros kapal Wega rea noe kababetkeun, lantaran tarikna kapal "Zeven Provincien" naradjan kapal Wega, Karoegianana kapal Wega ± f 70.000.

Lilana ngadandangan ditaksir ± 3 miuggoe.

Dina memorie toelichting begroo- ting Financien disaboetkeun jenu renten pagadean sahandapeun f 25 bakal dirobah kieu: Renten ajeuna dina sapoeioeh poe atawa koerang 2 sen tina gadean f 1, a koerang. Lilana waktos noe direntenan 90 poe. Tahoen 1928 dirobah djadi renten gadean f 1 a koerang dina 15 poe a koerang 2 sen.

Lilana waktos noe keuna renten 150 poe.

Larangan vergadering di kareside- nan Soerakarta rek ditjaboet, iwai di kota Solona pisan.

Prinses Juliana bedjana rek ka Hindia. Ngan ajeuna halangan koedoe diadjar.

Dalem Toean poepoes. Djinadja- na dikorebkeun di Bedjagoeng.

Di Amsterdam, diadegkeun inter- nasional politieverbond. Noe djaradi lid poelisi ti Djerman, Prantjia, Belgie. Oostenrijk djeung Nederland.

Lindbergh hiber make "mesin-hiber" (vliegmaschine) ti New York (Amerika) ka Parijs teu make eureun di djalan. Moetan noe dibawa beuratna 5150 pond. Lindbergh meunang prijs Or- teig gedena 25000 dollar.

Perang batoer pada batoer di Ti- onggok tatjan eureun keneh bae. Hankow ajeuna geus dikepoeng koe balad djendral Chiang Kai Sjek, ti beulah kidoel, ti beulah wetan koe baladna Jang Sen djeung Woe Pei Foe djeung ti beulah kolon koe

balad djendral Chang Tso Lin. (Ind. Courant)

Kantor V. S. T. P. djeung drukke- rjina di Batawi didjoel lelang diheu- li koe Tionghwa-Liem Mo Lien. Ba- retona eta kantor dibaulf koe Sama- nen Voorzitter V. S. T. P. f 22.000 (Bin. Tim).

Soerat-soerat kabar di Soerabaya sapoe teu njeun verslag kadatangan koe Toean Besar, lantaran koe kapala ungara Soerabaya djeung Adjudant G. G. wakii-wakil soerat kabar teu meunang deukeut ka G. G. Toean Besar koe andjeun masihan widi ka wakii-wakil soerat kabar pikeun deukeut ka Manteona soepaj ihsa njeun verslag noe terang. (Ind. Courant).

Mimiti tanggal 2 Mei 1927 Dr. Samsi Sastrawidagda moeka Advies Bureau dagang di Bandoeng. Saha saha noe perloe menta advies tina perkara dagang bisa badami di kan- torua Regentweg No. 8 Bandoeng.

Hidji moerid Nias di Soerabaya banga Tionghwa naek ka para hajang ngadengekeun goeroe - goeroe Nias keur vergadering ugabadamikeun naekna moerid.

Muehna ragrag tigebrs nepi ka maot, lactarau sirahua roekak.

ADRES noe parantos KASOEB DAHJAN
Toekang Mas Roemah 18
TASIKMALAJA.

Ngital roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak, damelina pribad- doe, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel pen- ti, soember, lilpen, padamelan ditanggal sas sareng enggal.

Tina Tentoonstelling Tasikmala- ja parantos kenging:
EEREDIPLOMA MEDALI
3 M.A.S.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENC).

Sajagi kareta Mesin Merk SIMPLEX sareng Merk Eu-ropa (England).
Sajagi Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, Goodrich harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Inditna AUTOBUS
ka Garoet djam 7 endjing
ka Koeningan djam 7 endjing
ka Karangoeng djam 7 endjing
ka Bandar djam 7 endjing sareng djam 13 endjing.

Inditna ti Toko Beng.
Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, heajo ngora, boelao ngora, ko- ning ngora roe keneh roepa roepana kieur, sareng kembang bodas ngang- go strip Mas aja anoe nganggo later A. t/m Z. Monogram.

Stopsies-h noe nganggo dging-djingan Winkelfesch (keur tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh sareng noe marodel sa- djaba ti eta.
Sajagi roepi-roepi lampoe batre, noe parantos masoer kasaneana, sareng kakatanana, merk Wisester, Evidri sareng tjap bintang, sajagi batrena, boglomma roepi-roepi oeknetan.
Sareng prantos sajagi, Windbuks (bedil angin) Merk B.S.A., Caliber 1/2 m M sareng 5/2 m M. sajagi sareng kogelna.
Sadjabi ti eta, roa roepi-roepi ba- rang anoe marodel, Eriodji Lima anoe nganggo tjap kareta api, noe bivan sok diarango koe Personelina S. S. djalanana akoe pisan.
Sareng roepi-roepi eetservies noe sae, sareng noe mirah, noe pikeun 12 djalmi, sareng noe pikeun 6 djalmi.
Lontjeng, Westminster sareng Filter roepi-roepi oekoeran.

TOKO NIC MULLER TASIKMALAJA.

Goenoenglaoe 15 Telepon No. 26.

Sajagi sagala roepi landong. Laudong sagala roepi kasawat. Laudong noe babar (sagala roepi kaperloean).

Landong noe tas disepitan. Kaperloean perban-perban. Barang-barang kaperloean salira (toiletartikelen).

Sagala roepi landong sajagi. Moen- doet bae prij-scourant eugke dikintoen perdio.

Ajeuna parantos sajagi sagala roepi sesepuue, kaloearan Eropa sareng boe- atan Negroce. Noe moerah noe awis sajagi Noe awis sajagi pak alit.

Seroetoe sareng sigaret roepi-roepi. Awis Di Toko sajagi keneh tjelep sindjang raksoekan sareng sagala roepi barang. Boengkoes alit pangos f 0,25 boengkoes ageung pangos 40 cent.

Mangga soemping ka toko, ningalian sareng milih naon noe perloe.

Hoermatna

NIC MULLER.

N. B. Si Chistiana parantos diitjal. Noe hade diitjal hidji roda paranti ngider ka pasar-pasar sae keur noe dagang batikan, margi kontjina pa- geuh. Dilebet nganggo rak anggoeun tempat barang.

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainuja, Minoman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

SARENG HOERMAT!

Sareng seraf ieu djism koering Hadji ABIMOEGNI AL-CHATAMI Goerte usadji Sekola Agama Islam aja di katjamatan Tarikolot, district Tjiawi, Afdeeling Tasikmalaja.

Oedjoek oeninga rehna dina sasih ieu Hapit ping 15 taoen 1927, nga- mimitan moeroek Sakola ngadji Agama Islam, anoe digaranan Sakola "ASSOER'AH" hartosna Sakola anoe langkoeng enggal, ditanggal tiasa ngadji dilebet sataoen, sareng ditanggal tiasa moeroek margi ieu pangadja- ran kenging metik ti Nagri MESSAH waktos djism koering ngadji di Mekkah, ditangei njekspan pikeun moeroek babagan ioadalah noe banga perdoe 'aen, doepi pamajaranana dina 1 sasih 1 moerid f 2.—. Ari atoer- nana sakomaha noe kasepat di handap ieu.

1. Di tarima moerid noe oemoerna 12 taoen kaloehoer, noe heuteu keur Sakola Desa atawa sanes sakola.

2. Noe hade diadjarkeun: 1. Elmoe Pakih, 2. Elmoe Oesnel, 3. Elmoe Nahwoe.

3. Noe tiloe roepi elmoe di adjar dina kitabna sarta di logatan koe logat Djawa, teras disoendokeun sakali diaksalan koe elmoe Nahwoe, di tanggel akoe sareng baladjaran noe galib di Pasantren Pasantren, doepi kitab noe kedah disadiakeun koe Moerid-Moerid 1. Kitab Sapiuh. 2. Iorohim Badjoeri.

3. Adjoemah.

4. Doepi waktosna ngadjar ngadji kawit ti tabweh 7 doegi kataboeh 1 siang diadjar saban dinten kadjabi ti dinten Ahad, sareng malem Djoem'ah di- adjar lagoe-lagoe Arab, lagoe Mesir goena pikeun ngadji Qor'an atawa ngadji Bardjandji.

5. Oepami Moerid anoe parantos satoen hojoe ngadji kitab noe arageung sapertos: Pathoei wahab, Toehpah, Mihajah, Alpiah, Djamoel djawame, Djohara maknoen, Mautek, sareng lintang ti eta, eta koe djism koering ditampi sarta vrij heuter nganggo pamajaran deui asal noe kaloearan moerid ti djism koering aae, sarta goerena disadiakeun dina tempat pangadjaran.

6. Nampi moerid saban sasih ugetangna satahoen ti waktos dungkapna moerid.

BOEKENVERZENDINGS L. A. LEZER BANDOENG

NEMBE WEDAL: CURSUS IN DE NEDERLANDSCHE TAAL voor de Soen- daneezen (Cursus basa Walanda pikeun oerang Soenda)

Karangan L. A. LEZER djilid ka I.

Nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda noe gampang pi- san, sae pikeun diadjar sorangan sareng anggoeun cursus atanapi sakola.

Pangos f 0,75, franco di pos, anteken f 1 10. Rembours tam- tib deui f 0,25.

Cursus sareng sakala kenging korting 15% oepami ngaga- leuh 15 boekoe atanapi langkoeng ti sakitoe.

TOEROEN PANGAOS.

Boekoe-boekoe pangadjaran WALANDA-SOENDA, anoe 3 djilid tea, nja eta Leerboek, Voorbeeldboek sareng Woordenboek, ajeuna pangaoena disamikueun sareng noe kasehat di loeher nja eta f 0,75 sadjilid atanapi f 2,25. tiloe djilid, djabi ti ongkos.

Doepi ongkosna eta 3 djilid franco di pos f 0,40. Rembours tambih deui f 0,25.

KLIROE SEKALI.

Kaloe Toean-toean tida rata- rata toeroet goembira boeat mengadaken pesta besar, pada nanti hari Sabtu ddo 30 April 1927, waktos peringatan hari lahir dan tjoekeop nesia 18 tahun, poetri Juliana di Nederland.

Boeat menjataken kagoembi- ranja oraung-orang jang soeda dewasa dan anak-anak, tuda ada lain djalan jang sampurna, kita sengadja soeda kasi dateug roepa- roepa kembang api (vuurwerk) dari Fabriek Lauw Kang Boen di Batavia, jang soeda bebrapa kali dapat medali mas di pasar gambir, dan roepa-roepa petasan jang bagoes srenta ujaring swa- ranja.

Boeat toeroet menjataken goembira, boekan sadja kaeom soedagar, jang paling toeroetama Toean-toean Meester sekola jang dapat subsidi dari Gouverne- ment dan Toean-toean Priaji jang masi pegang dienst.

Dari sebab banjak jang bakal toeroet menjataken girang ada- ken pesta, kita harep Toean- soeka lekas datang di kita poenja toko, soepaja diblangk hari dja- ngan saepe menjesel.

Memoedjiken dengan hormat

YO TEK SENG.

Nampi pimoerideun H. I. S.

Ti ajeuna noe bade nga- lebetkeun poetrana ka H. I. S. Pasoendan, tiasa ditampi endjing taboeh 9, pasisiang taboeh 11 di H. I. S. Pa- soendan di Kebon Tiwoe.

Saparantosna ping 15 Juni '27 moal nampi deui.

Kapala Sakola.